

## Lampiran

### Subjek + Predikat + Pelengkap

1. ..., Karmanto kok ya banjur gelem ora kaya nalika ditari karo wong tuwane.
2. Yen ora bisa, kapeksa jenenge dicoret banjur digenteni kanca liya.
3. Kala-kala malah kumawani ngesun pipi barang senajan ditonton wong tuwane loro-lorone.
4. Aku ora iklas yen dheweke arep dirabi wong liya.
5. Atiku rumangsa ora kuwat yen kudu nyawang Indah digandheng wong lanang liya.
6. Lagi bae angonku nggleyeh kira-kira setengah jam, dadak lawangku digedhor uwong.
7. Lha wong aku mau dijak Ernani bae wegah je, Mas!

### Subjek + Predikat + Keterangan + Pelengkap

1. ..., awake diputer nganti adu arep karo sing ngrangket.
2. Gojlogane kanca-kanca pradangga sajake mung ditampa kanthi mesem bae dening dhalang Ki Gondo.

### Subjek + Predikat

1. Kandhane Karmanto kang esuk mau dirungu, saiki bali dumeling kupinge.
2. Arini ditinggal, wong jare mung nginep sewengi
3. Rokok filter sing kari sealer dijupuk,...
4. ..., ya ibune Arini sing saiki ditinggal lunga.
5. Tangan tengene Suwendo diranggeh, ...
6. ..., bareng krungu lawang ngarep dibukak, ...
7. Lha tapi anake kok ora diajak.
8. Alis dikerik, ...
9. Gelungane setengah disasak.

10. Sega saklawuhe sing wis cumawis mung disawang, ...
11. Jenengku kang Indah Mawarni pancen kulina diundang Nik.
12. Majalah anyar kang gumlethak ana ndhuwur meja disaut.
13. Suwendo lan Marsaid katut dicangking.
14. Yahmene lawang kok wis dikunci, arep kok nggoni dhewe apa piye?
15. Karepe penganggon komplit sing bobote meh sak ons iku bakal diango *pengiring* ing lamarane
16. Seno sesuk. Bu Maryati saya tambah kaget bareng weruh yen tas iku suwek kaya mentas dikekrek.

#### **Subjek + Predikat + Keterangan**

1. Tekan ngomah, awake kaya dilolosi bebayune
2. Kembarane kuwi dianggep banget nyepelakake marang dheweke.
3. Marsaid disurung amrih ora oleh mlebu kamare.
4. Pasangane arep dijak playon jigar neng padhang pasir, ngubengi gisiking samudro pulo selingkuh.
5. Gas diputer banter.
6. *Wedange diseleh ngendi, Pak?*
7. Aku meneng, nanging atiku getem kaya dikepruk alu krungu tembung sing ngono mau.
8. ..., anake wadon kuwi banjur diruket kenceng, ...
9. ..., aku diundhamana entek amek kurang golek.
10. ...., jebul cepuk isi mas-masan sing digawa saka Solo wis ora ana ing panggonane.
11. Anake diajak menyang kantor sing jarene papan anggone tilas muride kuwi nyambutgawe.
12. Tas mau disurung ing meja ngarepku.
13. Ing kantor gaweyan sapirang-pirang, klebu nggawe laporan kegiatan penelitian sing wis dilakoni sajroning setaun, ...
14. Laporan mau dibiji ing kantor pusat, ...

### **Keterangan + Subjek + Predikat**

1. Cekak cukupe tekan Bungurasih aku dipethuk kangmas Baskoro, woting ati.
2. Saben dina aku dicadhong mangan, sing ngeterake mesthi Nindy, anakku.

### **Keterangan + Subjek + Predikat + Keterangan**

1. Awit sesuk awan temanten sarimbit kudu dikirab menyang omah etan, omahe Andana.
2. ...., kadhang kala tangane si cicik digandheng kaya pratape wong lagi andon tresna.

### **Predikat + Pelengkap**

1. ...., dipenggak karo Andika.
2. Dirabi wong bekonang kana.

### **Predikat + Pelengkap + Keterangan**

1. Diirit ibune nyang Njurug,

### **Predikat**

1. ...., banjur disumet.
2. Bareng didhedhes, ..
3. ...., banjur diemplok.
4. Enggal dibukak.

### **Keterangan + Predikat**

1. Kesele awak lan rasa ngantuk babar pisan ora digagas.
2. Tekan papan sing dituju,...
3. Nanging bareng tekan papan sing dituju, ...

### **Predikat + Keterangan**

1. Dianggep lair prematur, ...

**Universitas Indonesia**

2. wangsulane sing diceluk karo menyat marani arahe swara.
3. ..., digenti werna biru semu ireng.
4. . Dilungi ombe uga mung disrupt sepisan bae, ...
5. ..., meh njerit jalaran dirangket saka mburi.
6. Dikekep kenceng, ...
7. Dipikir alon-alon bae, kanthi wening.
8. ..., digengem kenceng karo dientrog-entrog.
9. Dicukur resik.
10. Endhang Saraswati melu ngangkatake kopere, digawa nyedhak lawang.
11. Wis ora sah disetlika, kesuwen!
12. Bareng anggone setlika rampung, banjur dilempiti mbaka siji, ditumpuk rapi, dibungkus nganggo koran, lagi dilebokake tas, diulungake marang aku.
13. ...., banjur dikirim menyang kantor pusat.
14. ...., dikira bedhes ya ben, dikira makuwo ya ora papa.